

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan wangenan operasional, téhnik, sumber data, jeung alat ngumpulkeun data, ogé prosedur jeung téhnik ngolah data.

3.1. Wangenan Operasional

Panalungtikan ngeunaan “Frasa Barang Jembar dina Novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati”. Sangkan data anu dianalisis gampang, perlu diécéskeun heula sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Éta istilah téh ngawengku judul panalungtikan, kayaning frasa, frasa barang, frasa barang jembar jeung novel.

- (a) Frasa nya éta wangun katatabasaan anu jadi pangdeudeul kalimah, henteu prédikatif, diwangun ku sakurang-kurangna dua kecap turta nyicingan salasihiji fungsi (J(ejer), C(aritaan), O(bjek), Pang(lengkep), atawa

Kat(erangan) dina klausa. Henteu prédikatif hartina henteu mibanda jejer jeung caritaan. (Sudaryat, 1991: 74).

- (b) Frasa Barang nya éta frasa anu distribusina mibanda pungsi nu sarua jeung kecap barang atawa nomina.
- (c) Frasa Jembar nya éta frasa anu unurna leuwih ti dua kecap.
- (d) Frasa Barang Jembar nya éta frasa barang anu unurna leuwih ti dua kecap.
- (e) Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaan atawa plot-na kompléks (ngarancabang) (Iskandarwassid, 1996: 93).

Jadi anu dimaksud ku judul “Frasa Barang Jembar dina Novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati”, nya éta panalungtikan ngeunaan frasa barang jembar anu aya dina novel anu dianalisis tina hubungan gramatik antarunurna, adegannana, jeung patali harti antarunurna.

3.2. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.2.1. Méthode Panalungtikan

Sakumaha anu geus ditétélakeun saméméhna ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif. Méthode ieu dipaké pikeun ngumpulkeun data, nyusun papasingan, analisis jeung nafsirkeun data dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.

3.2.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi jeung téhnik obsérvasi. Ngagunakeun téhnik dokuméntasi, lantaran datana mangrupa data tinulis anu di candak dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.

Téhnik obsérvasi dilaksanakeun langsung kana novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati, pikeun nyungsi data ngeunaan frasa barang jembar. Ku téhnik obsérvasi, perkara frasa barang jembar bakal bisa dianalisis kalawan gemet.

3.3. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati. Tina éta sumber data dijaring sakumna frasa barang jembar. Jadi sakabéhna frasa barang dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati téh dijadikeun sampel panalungtikan. Ku kituna, ieu sampel panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.4. Instrumén jeung Téhnik Ngolah Data

Dina prakna nganalisis, pakakas (instrumén) anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta ngagunakeun sistem kartu data. Carana nya éta nyalin sakabéh frasa barang jembar nu aya dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati kana kartu data, sarta unggal korpus dibéré nomer, kaca,

jeung jajaran, contona (1,2,3). Éta nomer data téh hartina nomer kahiji aya dina kaca kadua baris katilu.

Conto Korpus Frasa Barang Jembar

(1.2.3)

Budak bageur téh

Wanda : Éndoséntris atributif

Adegan: FBJ Atr. → [KB + KS] + KPn

Harti : Panangtu

Katerangan:

- | | |
|---------|---------------------------------|
| 1 | : Nomer urut. |
| 2 | : Kaca. |
| 3 | : Jajaran. |
| FBJ Atr | : Frasa barang jembar atributif |
| KB | : Kecap barang |
| KS | : Kecap sipat |
| KPn | : Kecap panambah (panganteb) |

TABEL 1
 DATA FRASA BARANG JEMBAR DINA NOVEL *KALAJENKING*
 KARANGAN ANNA MUSTIKAATI

No. Data	Data Frasa Barang Jembar	Hub. Gramatik Antarunsurna			f
		Koor.	Apo.	Atr.	
1	2	3	4	5	6
Jumlah					

TABEL 2
 HUBUNGAN GRAMATIK ANTARUNSURNA FRASA BARANG JEMBAR

Nomer		Data Frasa Barang Jembar	Frekuensi
Urut	Data		
1	2	3	4

3.5. Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data diperlukeun léngkah-léngkah saperti di handap ieu.

- (1) mariksa deui kalawan bener-bener data anu geus dikumpulkeun;
- (2) ngadaptarkeun sakabéh frasa barang jembar sacara alfabétis sarta ditangtukeun nomer, kaca, jeung jajaran dicutatna;
- (3) ngitung jumlah frasa barang jembar katut frékuénsina;
- (4) nyieun papasingan frasa barang jembar dumasar kana adegan, jeung patali harti antarunurna;
- (5) napsirkeun data frasa barang jembar;
- (6) ngadéskripsikeun data frasa barang jembar.

